**ई** ī वर्णमालाक चारिम अक्षर। 4th letter of alphahat.

**ई** ī *pro* निकट-निर्देशक अन्यपुरुष सर्वनाम। this, it, he, she.

**ई:** **iḥ** *See ईह।*

**ईक्षण** **īkṣaṇ** *n* 1. ताकब, देखब। act of looking. 2. दृष्टि। look, eye.

**ईंगुर, ईङुर** **īgur, īṅur** *n* सिन्दूर। vermilion.

**ईंटा** **īṭā** *n* पजेबा। brick.

**ईड़** **īṛ** *n* विरोध, परबाहि। grudge.

**ईद** **id** [A] इसलामक एक पर्व। an Islamic festival.

**ईदृश** **īdrish** *cls adj* एहन। like this, such.

**ईप्सित** **īpsit** *adj* अभिलषित। desired, wished.

**ईर्ष्या** **irkhiā/irkhā** *n* डाह। jealousy. **ईर्ष्यालु** *adj* डाही। jealous.

**ईश** **īsh** *cls n* 1. प्रभु, मालिक। master, lord. 2. शिव।

**ईशान** **īshān** *n* शिव। God Shiva. ~ **कोण** *n* उत्तरपूर्व कोण। north-east direction.

**ईश्वर** **īshvar** *n* 1. भगवान्। god. 2. प्रभु, मालिक, अधिपति। master, owner, ruler. **ईश्वरीय** *adj* भगवानसम्बन्धी। godly, divine.

**ईषत्** **īshat/īkhat** *cls adj* अल्पमात्र। a little, a bit.

**ईस** **īs** [ईषा] *n See हरीस।*

**ईसर** **īsar** *obs n See ईश्वर।*

**ईसा, ईसामसीह** **īsā, īsāmasīh** *n* जेसस क्राइष्ट। Jesus Christ.

**ईस्वी** **īsvī** *n* इसाइसभक सन्। Christian ara, A.D.

**ईह्** **īh** *int* अस्वीकृति, अप्रिय आदि भावक द्योतक ध्वनि। Denotes disapproval, dislike, ridicule, contempt.

**ईहा** **īhā** *cls n* इच्छा, कामना। aspiration, desire.

**उ** u वर्णमालाक पाँचम अक्षर। 5th letter of alphabet.

**उऋण** **uriṇ** *adj* ऋणमुक्त, दायित्वमुक्त। free from debt/obligation.

**उएह** **uēh** *See ओएह।*

**उँ:** **ūḥ** *See उँह।*

**उकछाओन** **ukchhāon** *adj* मन उचटाबएवाला (काज)। distasting, boring.

**उकटन** **ukṭan** *See उबटन।*

**उकटब** **ukṭab** [उत्कर्त्तन] *vt* कोड़ब; देखार करब; विशेषतः गारि पढ़ैत गुप्त कलङ्क उद्घाटित करब। expose, dig up, *spl* expose faults and remind obligalions. *vi* उखड़ब, निर्मूल होएब, उत्खनित होएब। be dug up/uprooted/excavated. **उकटाएब** *cau*. **उकटा-पैंची** *n* परस्पर रहस्योद्घाटन करब। exposing each other. **उकटा-फेरी** *n* उपटिकें बौआएबाक स्थिति। state of being dislodged. **उकटा-वास** *n* उपटि-उपटि स्थानान्तरमे बसनाइ। frequent shifting of residence.

**उकटार** **ukṭār** *n* उकटनाइ। eradication, displacement.

**उकठ** **ukaṭh** [उत्कट] *n* उपद्रव, बदमासी। offensive/annoying activity, escapade, mischief. **उकठाह, उकठिआ** *adj*.

**उकठी-भङठी** **ukṭhi-bhaṅṭhī** *n* मोरम्मति आदि छोट-छोट छिट-फुट काज। piece meal repair.

**उकड़ू** **ukṛū** *adj* अस्वाभाविक आ असुविधाजनक (स्थिति/मुद्रा), कुगर। awkward (posture), inconvenient.

**उकनब** **uknab** [उत्कन्दन] *vi* निर्मूल होएब, उपटब। be eradicated. **उकन्नन** *n*.

**उकस-पाकस करब** **ukas-pākas karab** *vt* अस्थिर होएब, हिलब-डोलब, कछमछाएब। move one's body uneasily.

**उकसब** **uksab** *vi* घुसकब। slip aside, get away. **उकसाएब** *cau* उत्तेजित करब। excite.

**उकसुक** **uksuk** *See उत्सुक।*

**उकहब** **uk-hab** *vi* कोकनब, निःसार होएब। (said of wood), be decomposed, decay.

**उका-उकी** **ukā-ukī** [उल्का] *n* उल्का-भ्रमण। playing with straw torches in सुखरात्रि festival.

**उकाठी** **ukāṭhi** *adj* उत्पाती। naughty, rascal.

**उकाड़ी** **ukāṛī** [उल्कावली] *n* छोट ऊक। straw torch.

**उका-पतङ** **ukā-pataṅ** *n* 1. उल्का-पतन। fall of meteor. 2. (*लाक्ष*) उत्पात पसारनिहार व्यक्ति। one who creates turmoil in the society (*fig*).

**उकाम ukām** *See सिल्ली* (of paddy).

**उकासी ukāsī** *n* खोंखी। cough.

**उकुति ukuti** [उक्ति] *obs See उक्ति।*

**उकौड़ी ukauṛi** [उल्कावर्ती] *See उकाड़ी, ऊका।*

**उक्खरि ukkhari/ukkair** *See उखरि।*

**उक्त ukta** *adj* कथित, कहल। said, told, stated. **उक्ति** *n* कथन, वचन, वक्तव्य। statement, words, version.

**उखटा ukhṭā** *n* जजातक सुखैनी। drying up of crops.

**उखड़ब ukhṛab** [*pass* of उखाड़ब] *vi* 1. उन्खनित होएब, उपड़ब। be uprooted/dislodged. 2. नहि जमब, श्रोताक सन्तोष नहि कए पाएब। be dejecting/boring. 3. माटिक तरसँ बहराएब। be dug up/unearthed. 4. रङ्गक उदास होएब। faint, fade (said of colour). 5. गपमे उत्तेजित होएब। lose temper in talk.

**उखड़र ukhṛar** [उन्क्षर-] *n* चूरा कुटबाक काल उखारिसँ उड़ाकि छिड़िआएल अन्न। grains scattered in course of pounding. **-पुखड़र** *rep.*

**उखड़हा ukhṛahā** *n* जनक काजक एक पारी, आधा दिन। shift of daily wage earners, usually half a day (4 hours).

**उखड़ा ukhṛā** *n* वृक्षक एक रोग। a plant's disease.

**उखड़ाह ukhṛāh** *adj* उदास। fading.

**उखनब ukhnab** [उत्खन-] *vt* खुनि-खानिकें धरातल बिगाड़ब। disturb the surface of ground by scratching and digging.

**उख-बिख ukh-bikh** *See उखी-बिखी।*

**उखम ukham** [ऊष्मा] *n* ताप। heat. °ज *n* उड़ीस। bed bug.

**उखरि ukhari/ukhair** [उदूखली] *n* मूसरसँ धान कुटबाक काष्ठ-पात्र। wooden mortar. **-मुसरा** *n* एक वनौषधि। a herb.

**उखाड़ब ukhāṛab** [उत्खात-] *vt* 1. उपाड़ब। uproot, root-out 2. निष्कासित करब। dislodge. 3. माटिक तरसँ बहार आनब। dig out, unearth, excavate.

**उखाही ukhāhī** *n* निन्दा। reprehension, censure.

**उखि ukhi/uikh** [इक्षु] *See उखिआर।*

**उखिआर ukhiār** [इक्षुसार] *n* कुसिआर। sugarcane.

**उखी-बिखी लागब ukhī-bikhī lāgab** *vi* उत्सुकतावश व्याकुल होएब। be restless/eager.

**उखेनब, उखेलब ukhēnab, ukhēlab** *See उखनब।*

**उखैनी ukhaini** *n See उखनब।*

**उगना ugnā** [उग्रनाथ] *n* शिव जे अनुश्रुतिक अनुसार विद्यापतिक दास भेल छलाह। Lord शिव in disguise of a domestic servant who, as the legend says, worked for the saint poet Vidyapati.

**उगब ugab** [उद्‌गम] *vi* उदित/प्रकट होएब। rise, come up.

**उगरब ugrab** [उद्‌गृ-] *vi* फाजिल होएब, शेष बचब। be spare/surplus. **उगरन, उगरा** *n* फाजिल मात्रा। remnant, left over, surplus. Also **उबरब।**

**उगरास ugrās** [उद्‌ग्रास] *n* ग्रहणसँ मुक्ति, गहन लागल भाग पुनः भरब आ चमकब। illumination of sun/moon after eclipse.

**उगलाहा uglāha** *n* जे उगल छथि से, अर्थात् सूर्य भगवान्। 'The rising lord' i.e. the God sun.

**उगहब ug-hab** [उद्‌ग्रह-] *vt* उठाए अन्यत्र लए जाएब। carry on, lift, transport. **उगहनि** [उद्‌ग्रहणी] *n* इनारसँ पानि भरबाक डोरि। rope for lifting water from well. Also *उबहब, उबहनि।*

**उगाएब ugāeb** [*cau* of उगब] *vt* अलगाए प्रकट करब। bring on the surface by raising.

**उगारब ugārab** [*cau* of उगरब] *vt* शेष छोड़ब। save, make surplus. **उगार** *n See उगरा।*

**उगाहब ugāhab** *vt* ओसुलब। realise, collect dues. **उगाही** *n* तहसील, ओसूली। realisation.

**उगिलब ugilab** [उद्‌गिरण] *vt* 1. मुहमे देल वस्तु बाहर करब, थुकरब। spit out, eject from mouth. 2. बाध्य भए अपन कुकर्म स्वयं खोलब। speak out under pressure. **उगिलन, उगिला** *n* उगिलल पदार्थ। the thing spat out.

**उग्र ugra** *adj* 1. तेज, प्रखर, क्रोधी। violent, furious, 2. प्रबल, प्रभावशाली। powerful.

**उघब ughab** *See उगहब।*

**उघबाहि ughbāhi** *n* उघबाक काज। work of loading-unloading, transportation.

**उघरव ughrab** [उद्घट] *vi* 1. उघार होएब। be disclosed/exposed. 2. बान उजड़ब, उद्ग्रथित होएब। be disjointed. **उघरन** *n*.

**उघरा-भाँड़ ughrā-bhāṛ** *n* भण्डा-फोड़, रहस्य-उद्घाटन। exposing the secret loop-holes.

**उघराह ughrāh** *adj* उघरबाक प्रवृत्तिवाला। apt to disjoin.

**उघाएब ughāeb** *cau* of उघब।

**उघार ughār** *adj* अनावृत, नाङट। exposed, denuded. uncovered, naked. **उघारब** *cau.*

**उङरी uṅri** [अङ्गुली] *n* आङुर। finger. **~ उठाएब** *vt* अङ्गुल्या निर्देश करब, दोषी कहब। blame, accuse.

**उङारब uṅārab** [उद्गालन] *vt* उबटन लगाए देह मलब। rub body with unguent. **उङार** *n*.

**उचकन uchkan** *See उङाकुन।*

**उचकब uchkab** *vi* 1. चौकन्ना भेल एम्हर-ओम्हर ताकब। see here and there with wary eye. 2. पल भरि अनावधान पाबि वस्तु चोराए पड़ाएब। sneak, swindle.

**उँचका uchka** [ऊँच-] *adj* the high/tall one.

**उचक्का ūchkā** *n* चाई, पलभरि असावधान पबितहिं वस्तु चोराए पड़एनिहार। swindler. **उचक्की** *n.*

**उँचगर ūchgar** [ऊँच-] *adj* ऊँच-सन। taller, higher.

**उचङब uchṅab** *vt* झपटिकें छीनब। snatch, sneak.

**उचङ्ङा uchaṅṅā** *See उचक्का।*

**उचटब uchṭab** *vi* विरक्त/विकर्षित होएब। be weary of, be repulsive.

**उचण्ड uchaṇḍ** *n* खाम्ही। pole.

**उचती uchtī** *See उचिती।*

**उचरब uchrab** [उच्चर-] *vi* 1. उच्चरित होएब। be predicted, be pronounced, come to mind. flash, appear. 2. ज्यौतिष आदिक अनुसार भावी फल सूचित होएब। be foretold by means of astrology or sorcery.

**उचरिङ uchriṅ** *n* फतिङ्गा। an insect, moth.

**उँचाइ ūchāi** [ऊँच-] *n* उन्नतता। height.

**उचाट uchāṭ** [उच्चाटन] *n* विकर्षण, विरक्ति, छोड़िकें पड़एबाक इच्छा। repulsion. Also **उचाटन।**

**उचाँढ़ uchāṛh** *n* चारकें अवलम्ब देबाक हेतु ठाढ़ कएल बाँस, सोङर। a pole erected to support roof.

**उचारब uchārab** [*cau* of उचरब] उच्चारण करब। predict.

**उचाँस uchās** [उच्चवर्ष] *n* ऊँच जमीन। up land.

**उचित uchit** *adj* समीचीन, तर्कसङ्गत। proper, reasonable. **-कल्याण** *n* श्राद्ध आदि उचित कर्तव्य ओ विवाह आदि शुभ कार्य, सुख-दुखक समय। obligatory and pleasant functions.

**उचिती uchitī** *n* द्विरागमनक समय कन्यापक्ष ओ वरपक्षसँ कएल गेल कृतज्ञता-ज्ञापन ओ क्षमायाचना। pleasantry, ritual of courtesy and apology on the occasion of departure, *spl* in the course of sending off one's daughter to her father-in-law's house for the first time. **-मिनती** *rep.*

**उचिला uchilā** *n* 1. एक कीड़ा। an insect. 2. कपड़ामे बुनबाक समय ओझराएल सूतक ढेँसर। knot in yarn due to weaving defect.

**उचिला-चाल uchilā-chāl** *n* चङ्ग कएनाइ। restiveness, topsy-turvy.

**उच्च uchcha** *adj* ऊँच। high, elevated.

**उच्चरित uchcharit** *adj* बाजिकें व्यक्त कएल। pronounced.

**उच्चाटन uchchāṭan** *n* उचाट, विकर्षण। repulsion.

**उच्चारण uchchāraṇ** *n* 1. मुहसँ ध्वनि बहार करब। pronunciation. 2. शब्द द्वारा स्पष्टतः कथन। pronouncement.

**उच्छन्न uchchhanna** [उत्सन्न] *adj* समूल विनष्ट। exterminated.

**उच्छलन uchchhalan** *n* उछलब। pouncing, springing up.

**उच्छिन्न uchchhinna** *adj* निर्मूल, समूलनष्ट। eradicated.

**उच्छिष्ट uchchhiṣṭa** *n* ऐँठ, भुक्तावशेष। food left uneaten.

**उच्छृङ्खल uchchhriṅkhal** [उत् + शृङ्खला] *adj* बन्धन वा नियम-कानून नहि माननिहार, अनुशासनहीन। unfettered, out of control, indisciplined.

**उच्छेद uchchhed** *n* उन्मूलन, नाश। abolition, eradication.

**उच्छ्राय uchchhrāe** *n* उन्नति। prosperity.

**उच्छ्वास uchchhvās** *n* उसाँस। sigh.

**उछटनी uchhatni** *n* हाथसँ कमाएब। weeding with hand.

**उछटब uchhṭab** *vi* टकराएकें विपरीत दिशामे चलब, छूटि चलब। rebound, pounce, be scared.

**उछतगर uchhatgar** *adj* सुन्दर। handsome, pretty.

**उछती uchhti** *See उनिती।*

**उछन्न uchhanna** [उत्सन्न] *adj* निर्मूल, नष्ट। eradicated.

**उछन्नर uchhannar** *adj* अनुशासनहीन। indisciplined, out of control.

**उछराए uchhrāe** *See उच्छ्राय।*

**उछलब uchhlab** [उच्छल-] *vi* 1. सहसा गतिशील भए फानब। spring up, leap. 2. जल आदिक छिटकब-छलकब। overflow.

**उछला uchhlā** *See उचिला* (2)।

**उछाँट uchhāṭ** *n* भूतक आकस्मिक उपद्रव। casual attack of ghost.

**उछार uchhār** *n* अगिलब। spitting out, vomiting.

**उछाल uchhāl** *n See उछलब।*

**उछाँस uchhās** *See उच्छवास।*

**उछाह uchhāh** [उत्साह] *n* 1. उत्सव, पावनि। festivity 2. उल्लास, हर्ष। rejoice. **उछाही** *n* उत्सवक इनाम, परबी। festival gift, tip.

**उछिलब uchhilab** *See उछलब।*

**उछीन uchhīn** [उच्छिन्न] *adj* उदास, विमन। sad, gloomy.

**उछेहब uchhēhab** [उत्शेषण] *vt* 1. पुरना छारनि हटाएब। remove old upper layer (as of straw from roof). 2. देहसँ वस्त्र हटाएब। put off clothes.

**उछौत uchhaūt** [उत्साहवन्त] *adj* उत्साहयुक्त, प्रसन्न। enthusiast, glad.

**उजग ujag** *adj* अनिद्रावश अलसाएल, उन्निद्र। drowsy. **उजगी** *n* अनिद्रा, जागरण। lack of sleep.

**उजड़ब ujṛab** *vi* उच्छिन्न होएब। delapidate, ruin, be destroyed.

**उजड्ड ujaḍḍa** *adj* मूढ़, अशिष्ट। rude, blunt.

**उजबिजाएब ujbijāeb** [उद्‌विज-] *vi* घबराएब। be perplexed.

**उजर ujar** [उज्ज्वल] *adj* श्वेत। white, bright. ~ **दप-दप** *adj* परम श्वेत, उज्ज्वल। shining white. **उजरका, उजरा** *adj* उजर रङ्गवाला। of white variety. **उजरी** *n* श्वेतिमा। whiteness.

**उजहब uj-hab** *vi* माछक झुण्ड बान्हि प्रवाहोन्मुख भए जलाशयसँ बहराएब। (said of fish) proceed upstream in a group. **उजहिआ** *adj* उजहिकें बहराएल (माछ)। (fish) gone astray in group. **उजाहि** *n*.

**उजागर ujāgar** *adj* 1. ज्योतिर्मय, द्योतित; प्रख्यात। bright; prominent, famous, conspicuous. 2. जागल। sleepless. *n* एक धान। a rice.

**उजाड़ब ujāṛab** *vt* ध्वस्त/भग्न करब। destroy, ruin. **उजाड़, उजाड़ि** *n*.

**उजास ujās** *n* भोरक लाली; प्रकाश। pre-sunrise reddish glow.

**उजाहि ujāhi** *See उजहब।*

**उजिआएब ujiāeb** *vi* मुधरब, सम्हरब। be fare, come right.

**उजिआर ujiār** *n* प्रकाश, इजोत। light.

**उजुर ujur** [A उज्र] *n* आपत्ति। objection. **-दाबी** *n* आपत्ति-निराकरणार्थ प्रार्थनापत्र। petition for removal of objection. **उजुरदार** *n* आपत्तिकर्ता। petitioner.

**उजोत ujōt** [उद्द्योत] *obs n* प्रकाश। light. Also **उजोर**।

**उज्जर ujjar** [उज्ज्वल] *adj* श्वेत। white. **-दपदप** *rep.*

**उज्जीवन ujjīvan** *n* प्राण पलटाएब, पुनः जीवित होएब/करब। revitalization, revival.

**उज्ज्वल ujjval** *adj* शुभ्र, भास्वर। bright.

**उझकब ujhkab** *vi* कोनो पात्रक आधार अनुकूल नहि रहने टगब। lean, incline. **उझकाएब** *cau.*

**उझकुन ujhkun** *n* बरतनक टेकन। prop, pedastal, stand.

**उझट ujhaṭ** *adj* 1. गतिमान वस्तुसँ आकस्मिक चोट। accidental dash. 2. *See उद्‌भट।*

**उझलब ujhlab** *vt* 1. पात्रक मुह नीचा कए अन्नादि नीचाँ खसाएब। pour out, throw down in stream. **-पुझलब** *rep.*

**उझाँट ujhāṭ** *See उझट।*

**उझिलब ujhilab** *See उझलब।* **उझिला** *adj* उझिलिकें खसाओल। (thing) poured out.

**उझुक्का ujhukkā** *n* आकस्मिक आघात। accidental blow.

**उञ्चास+ unchās** *See उनचास+*।

**उटङ uṭaṅ** [उत्तुङ्ग] *adj* असुविधाजनक रूपें बेसी ऊँच, उकड़ू, कुगर। in awkward position, lopsided.

**उँटनी uṭnī** *n* मादा ऊँट। she camel.

**उटपटाङ uṭpaṭāṅ** *adj* असङ्गत। irrational.

**उटेङल uṭēṅal** *adj* बेसी ऊँच कए टाङल। hung too high.

**उट्ठा uṭṭhā** *adj* अंशकालिक (मजदूर)। part time (worker).

**उठओना uṭhaonā/uṭhaunā** [उत्थापना] *n* दैनिक आपूर्ति। daily supply.

**उठकी-बैसकी uṭhkī-baiskī** *n* बेरि-बेरि उठब-बैसब, एक व्यायाम। sitting repeatedly, a physical exercise.

**उठती uṭhtī** *n* उन्नति। prosperity.

**उठनगर uṭhangar** *adj* उन्नतिशील। rising, promising.

**उठनहरू uṭhan-harū** *adj* उठबहुमे असमर्थ (रोगी)। confined to bed.

**उठन्ती uṭhantī** *n* उत्थान, उन्नति। rise.

**उठब uṭhab** [उत्स्था-] *vi* 1. ठाढ़ होएब, ऊँच होएब। stand up. 2. जागब। rise, wake up. 3 नियमित रूपें खर्च होएब। be spent/consumed regularly. 4. लुप्त/अप्रचलित होएब। be abolished, cease to be in vogue.

**उठल्लू uṭhallū** *adj* अव्यवस्थित, अविश्वसनीय। held unreliable.

**उठाइनि uṭhāini** *n* खपत। consumption

**उठाएब uṭhāeb** [*cau* of उठब] *vt* 1. ठाढ़/उत्थित करब। raise, erect. 2. अपना पर भार लैत आधारसँ उपर आनब। lift, carry on. 3. जगाएब। awaken. 4. घुराएब। withdraw, take away. **-पुठाएब** *rep.* **उठाओ** *n* उच्छेद, अन्त, लोप। abolition. **उठाओन, उठान** *n* जागरण। waking up; *Cf देब-उठाओन।* ~ **हारब** *vt* उठबाक शक्ति गमाएब, निराश/परास्त होएब। lose spirit. **उठाप** *n* उन्मूलन abolition. **उठा-पटक** *n* बजरा-बजरी। duel. **उठा-बैसी** *n* बेरि-बेरि उठब-बैसब। sitting and standing again and again. **उठौआ** *adj* स्थानान्तरणयोग्य। portable.

**उड़कब uṛkab** *vi* कुदकब। trot.

**उड़कुसी uṛkusī** *n* एक जलीय वृक्ष जे भिड़लासँ देहमे कुड़िऐनी उठैत अछि। an aquatic plant that itches if touched. ~ **लागब** *vi* कछमछाएब। become unsteady.

**उडण्ड uḍanḍ** *See उद्दण्ड।*

**उड़ता uṛtā** *adj* उड़एबाला, उड़ाक। flying.

**उड़नखटोला uṛankhaṭolā** *See सतभैआँ, सप्तर्षि।*

**उड़न-पुड़न uṛan-puṛan** *n* सञ्चालनक क्रममे आएल कमी। handling loss.

**उड़नबाज uṛanbāj** *adj* जे निरन्तर चलैत-फिरैत रहए, अस्थिर। of roving nature, unsteady, flying.

**उड़न्ता uṛantā** *See उड़ता।*

**उड़न्ती uṛantī** *n* जनरव। rumour, hearsay.

**उड़न्तू uṛantū** *See उड़न्ता।*

**उड़ब uṛab** [उद्-डी] *vi* 1. आकाशमे चलब। fly. 2. रङ्ग आदिक मन्द होइत-होइत लुप्त होएब। vanish, faint. 3. झटाझट खर्च होएब। be spent lavishly.

**उड़र पड़ब uṛar paṛab** *vi* लोकक भीड़ लागब। assemble in crowd.

**उड़रा uṛ-rā** *n* एक माछ। a fish.

**उड़ाएब uṛāeb** [*cau* of उड़ब] *vt* 1. आकाशमे चलाएब; शून्य दिस फेकब। cause to fly, wave, throw in the air. 2. विलासितामे गमाएब। spend lavishly, squander. **उड़ाक** *adj* 1. उड़बामे समर्थ। able to fly. 2. अधिक काल उड़ैत (यत्र-तत्र जाइत) रहनिहार। one who rarely stays at his station. Also **उड़ाँत। उड़ान** *n* उड़नाइ, हबाइ जहाजक गमन। flight.

**उड़ाहब uṛāhab** *vt* 1. तलमे बैसल गादि आदि हटाए स्वच्छ करब। desilt. 2. नब पात्रादिक व्यवहार आरम्भ करब। start to use some new thing.

**उड़िआ uṛiā** *See ओड़िआ।*

**उड़िआएब uṛiāeb** *See उड़ब/उड़ाएब।*

**उड़ीद uṛīd** *n* माष। black lentil.

**उड़ीस uṛīs** *n* एक कीड़ा जे खाटमे फड़ैत अछि; *हिन्दी* खटमल। bed bug.

**उड़ीसा uṛīsā** *n* उत्कल प्रदेश। Orissa.

**उडु uṛu** *cls n* तारा। star.

**उड्डयन uḍḍayan** *n* 1. उड़ान। flight. 2. वायुयान चालन। aviation.

**उढ़कब uṛhkab** *vi* ठेसैत चलब। stagger.

**उढ़रब uṛhrab** [उद्‌ढ़] *vi* पतिकैं छोड़ि आन पुरुषक सङ्ग पड़ाएब। run away with one's lover/ beloved. **उढ़रा, उढ़री** *n* उढ़रिकैं गेनिहार (पुरुष); उढ़रिकैं गेनिहारि (स्त्री)। person so absconding. **उढ़ारब** *cau* of उढ़रब।

**उत्° ut°** *pre* ऊर्ध्वगति, वृद्धि, दूरक्षेपण आदि भावक व्यञ्जक उपसर्ग। Denotes upward motion. *See* below.

**उतकिरना utkirnā** [उत्कीर्तन] *n* प्रशंसा, प्रशंसनीय कार्य। praise, laudable achievement.

**उतपटाङ utpaṭāṅ** *See* उटपटाङ।

**उतफाल utphāl** [उत्फाल] *obs adj* उद्धत। festive, intent on doing something.

**उतर° utar°** [*w* of उत्तर] *n* उत्तर। north; answer. *See* below.

**उतरङ utraṅ** *n* उत्तरसँ अबैत बसात। northerly wind.

**उतरब utrab** [उत्तृ] *vi* 1. अवतीर्ण होएब। descend, alight. 2. नीचाँ खसब। decline, subside.

**उतरबरिआ utarbariā** [उत्तरपालिक] *See* उतरबारि।

**उतरबारि utarbāri** *adj* उत्तर दिसक। northern.

**उतरा utara** [उत्तरफल्गुनी, उत्तराषाढ़, उत्तरभाद्र] *n* बारहम, एकैसम आ छब्बीसम नक्षत्र; विशेष कए बारहम। 12th, 21st and 26th constellation, *spl* 12th. *See* T.III.

**उतरा-चौरी utara-chaurī** [उत्तर-चातुरी] *n* अपन-अपन उत्कर्ष देखबैत अभिमानपूर्ण विवाद। discussion showing one's superiority with vanity (*der*).

**उतराहा utrāhā** *adj* उत्तरदेशीय belonging to the northern region.

**उतराहुत utrāhut** *adj* उत्तर दिस झुकल। leaning towards north.

**उतरी utrī** [उत्तरीय] *n* पाशाकार फाड़ल कपड़ाक टुकड़ा जे श्राद्धकर्ता जनौ-जकाँ पहिरैत छथि। 'upper garment' a strap of cloth worn as janeu while performing first funeral rite.

**उतरोल utrōl** *n* घोल, कलरव। uproar.

**उतसगर utsagar** *n* इनारक सङ्ग गाछीक विवाह, काननोत्सर्ग; गाछीक एक प्रकारक यज्ञ (लोकार्पण)। ceremony of dedication to the people of an orchard with a well ritually wedded to it.

**उतान utān** [उत्तान] *adj* चित, ऊर्ध्वमुख। supine, flat.

**उतारब utārab** [*cau* of उतरब उत्तार-] *vt* 1. नीचाँ आनब, अवतीर्ण करब। bring down, get alighted. 2. चढ़ल वस्तु उठाए नीचाँ राखब। unload. 3. पार लए जाएब। lead across. 4. प्रतिलिपि करब। copy out. 5. ककरो रचनाक खण्ड अपन रचनामे उद्धृत करब। quote. **उतार** *n* ढार, क्रमावनति। declivity.

**उतारा utara** [उत्तर] *n* लिखित उत्तर reply in writing.

**उतारू utārū** *adj* कटिबद्ध। bent upon.

**उताहुल utāhul** *adj* व्यग्र, आतुर। eager, restless.

**उतिम utim** [उत्तम] *obs adj* उत्तम, श्रेष्ठ। the best, excellent.

**उतेढ़ utēṛh** *n* वंशावली, पाँजि। genealogy, family tree.

**उत्कट utkaṭ** *adj* तीव्र, ततेक तीव्र जे अप्रिय लागए। acute, strong, ardent, excessive.

**उत्कण्ठा utkanṭha** *n* औत्सुक्य, लालसा। crave, curiosity, eagerness. **उत्कण्ठित** *adj*.

**उत्कर्ष utkarsa/utkarkh** *n* श्रेष्ठता। excellence, eminence.

**उत्कीर्ण utkīrṇa** *adj* खोधिकैं लिखल। inscribed, engraved

**उत्कृष्ट utkrisṭa** *adj* श्रेष्ठ, उत्तम। excellent, best.

**उत्क्रम utkram** *adj* अक्रमानुसारी। out of order, reversed. *n* उनटा क्रम। reversal.

**उत्खनन utkhanan** *n* माटि कोड़ि तरसँ पुरावशेष बहार करब। excavation, digging out.

**उत्तप्त uttapta** *adj* गरमाएल, उत्तेजित, तमसाएल। heated, excited.

**उत्तम uttam** *adj* उत्कृष्टतम, श्रेष्ठ। of highest quality. ~ **पुरुष** *n* (व्याकरणमे) प्रथम पुरुष अर्थात् हम। (in grammar) first person.

**उत्तर uttar** *n* 1. समाधान, जवाब, प्रतिवचन, अनुक्रिया। answer, reply, response. 2. घड़ीक क्रमें पूर्वसँ चारिम दिशा। north direction. *adj* परवर्ती, अगिला, अनुवर्ती। later, next following. **°जीवी** *adj* ककरो

मृत्युक पश्चात् जीवित रहनिहार ओकर सम्बन्धी। survivor. °दायी *adj* जबाबदेह। answerable, responsible °फल्गुनी, °भाद्र *n* बारहम आ छब्बीसम नक्षत्र। 12th and 26th constellation. *See* T.III. °भर *adv* उत्तर दिस। towards north. **उत्तरा** *See उतरा।* **उत्तराखण्ड** *n* उत्तर भारत। north India. **उत्तराधिकारी** *n* मृत व्यक्तिद्वारा छोड़ल धनक अधिकारी आ ऋणक हेतु दायी। successor, heir, inheritor. **उत्तरायण** *n* सौर माघसँ सौर आषाढ़ धरिक समय, मकर ओ कर्क रेखाक बीच सूर्यक स्थितिकाल। summer solstice. **उत्तरी** *adj* उत्तरदिशाक। northern. **उत्तरीय** *adj See उत्तरी। n* पुरुखक ओढ़बाक चादरि, तौनी। man's wrapper/upper garment. **उत्तरोत्तर** *adv* क्रमशः। successively.

**उत्तान uttān** *adj* चित, उतान। supine.

**उत्ताप uttāp** *n* 1. ज्वाला। heat. 2. उत्तेजना। excitement 3. वेदना, सन्ताप। agony.

**उत्ताल uttāl** *adj* उछलैत, क्षुब्ध, उच्छल। upsurge.

**उत्तीर्ण uttīrṇa** *adj* पार भेल, परीक्षामे सफल भेल। passed, crossed over successfully.

**उत्तुङ्ग uttuṅga** *adj* ऊँच। lofty.

**उत्तेजना uttējanā** *n* चित्तोद्रेक, भावावेश। excitement, emotion.

**उत्तोलन uttōlan** *n* भार उठाएब; डोरी घीचि उपर चढ़ाएब। lifting, hoisting. **उत्तोलक** *n* लिफ्ट, ढेकुल। lift, hoist.

**उत्थर utthar** [उत्तल] *adj* कम गहीर। shallow.

**उत्थान utthān** *n* 1. उन्नति, प्रगति। rise, uplift, progress. 2. उठनाइ, जागृति। standing up, waking up. **उत्थित** *adj*. **उत्थापन** *n*.

**उत्पत्ति utpatti** *n* उद्भव, जन्म। birth, production, origination.

**उत्पथ utpath** *adv* कुबाट। out of way.

**उत्पन्न utpanna** *adj* जनमल। born, generated, produced.

**उत्पल utpal** *cls n* कमल। lotus.

**उत्पात utpāt** *n* 1. उपद्रव, उकठ। mischief. 2. बलाए। nuisance. 3. आफद, विपत्ति। havoc, calamity. **उत्पाती** *adj* उपद्रवी, बदमास, उकाठी। rascal, naughty.

**उत्पादन utpādan** *n* उपजाएब; निर्माण। production, manufacture. **उत्पाद** *n* उपजा, उत्पादित वस्तु। produce, the thing produced.

**उत्पीड़न utpīṛan** *n* सताएब, कष्ट देब। oppression.

**उत्प्रेक्षा utprēkṣā** *n* एक काव्यालङ्कार, कल्पनाश्रित उपमा। a figure of speech, speculative simile.

**उत्फाल utphāl** *See उतफाल।*

**उत्फुल्ल utphulla** *adj* पूरा-पूरा फुलाएल, प्रसन्न (मुह)। full-blown; smiling (face).

**उत्स utsa** *n* 1. सोह, स्रोत, सोता। spring, fountain. 2. मूल। origin.

**उत्सर्ग utsarg** *n* 1. त्याग। giving up, abandonment. 2. पुण्यार्थ वा लोकोपकारार्थ दान/समर्पण। charitable sacrifice, donation. *Cf उतसरग।*

**उत्सव utsab** *n* 1. उल्लास-प्रदर्शन। show of mirth, (festivity). 2. अनुष्ठान, आयोजन, समारोह। celebration, function. 3. पाबनि। festival.

**उत्साह utsāh** *n* जोस, कार्य करबाक स्वतः प्रेरणा। zeal, enthusiasm, fervour, adventure. **उत्साही** *adj*

**उत्सुक utsuk** *adj* उत्कण्ठित। keen, curious, eager.

**उथल-पाथल uthal-pāthal** *n* हलचल, उल्लासजन्य चहल-पहल। upheaval.

**उथि uthi** *obs adv* ओतए। there.

**उदक udak** *cls n* पानि। water.

**उदकब udkab** *See उधकब।*

**उदण्ड udaṇḍ** *See उद्दण्ड।*

**उदधि udadhi** *cls n* समुद्र। sea.

**उदन्त udant** *obs n* समाचार, सुधि। news, whereabout.

**उदमत udmat** *adj* उन्मत्त, बताह। mad, crazy.

**उदमाउर चढ़ब udmāur charhab** *vi* आतुर होएब। long for, be eager.

**उदमाहल udmāhal** *adj* उद्यत। intent.

**उदय udae** *n* 1. उगब। rise, sun-rise. 2. उन्नति, अभ्युदय। prosperity, progress. 3. उद्भव, प्रादुर्भाव। emergence. **-भास्कर** [VR] *n* एक प्रकारक कर्पूर। a kind of camphor. **उदयाचल** *n* एक कल्पित पर्वत जतए मानल जाइछ जे सूर्य उगैत छथि। a mythical

mountain where sun is believed to rise from.

**उदर udar** *cls n* भीतरी पेट। abdomen, belly.

**उदरङ्ग udrang** *n* विनाश-लीला। havoc, devastation.

**उदात्त udātta** *adj* 1. महान्, उच्च, लोकोत्तर। sublime, exalted. 2. उच्च स्वराघात बाला वर्ण। acute, accented in high pitch.

**उदाम udām** [उद्दाम] *adj* खुलता, अनावृत (स्थान)। exposed, fenceless, open (space).

**उदार udār** *adj* 1. असङ्कुचित विचारवाला, विशालहृदय। liberal. 2. विस्तृत, फैल, पैघ। extensive, spacious. 3. मुक्तहस्त, दानशील। generous. *विप* कञ्जूस।

**उदास udās** *adj* 1. विखिन्न, दुखी, अप्रसन्न। sad, pail, gloomy. 2. उदासीन, अनुरागहीन। indifferent, 3. तौलमे कमी। under-weight. **उदासी** *n* 1. प्रसन्नताक अभाव, विरक्ति। sadness, melancholy. 2. द्विरागमनमे बेटीक गेलापर गाओल गेल विषाद-गीत। song of melancholy sung after departure of daughter. **उदासीन** *adj* आसक्तिरहित, तटस्थ, निष्पक्ष। apathetic, indifferent.

**उदाहरण udāharaṇ** *n* निदर्शन, दृष्टान्त, व्यवहार-प्रदर्शन, आदर्श, प्रतिमान। example, instance; illustration, ideal. **उदाहरणीय** *adj* अनुकरणीय। exemplary.

**उदित udit** *adj* उगल, प्रकट भेल। risen.

**उदिष्ट udiṣṭa** *See* उद्दिष्ट।

**उदीयमान udīyamān** *adj* उदय दिस बढ़ैत जाए रहल। rising, promising, budding.

**उदेम udem** [उद्यम] *n* व्यवसाय, धन्धा। job, occupation, business.

**उदेस udēs** [उद्देश] *n* 1. पता, ठेकाना। whereabout, address. 2. लक्ष्य। destination, aim, purpose.

**उद्गत udgat** *adj* उत्पन्न, उद्भूत, बहराएल, उपर उठल। sprung, risen, originated. **उद्गम** *n.*

**उद्गार udgār** *n* अन्तःकरणसँ स्वतः बहराएल वेगवान् भाव। expression of sentimental feeling.

**उद्घाटन udghāṭan** *n* 1. सभा आदिक शुभारम्भ। unveiling, inauguration. 2. गुप्त बातक प्रकाशन। disclosure revealing ( of a secret).

**उद्घोषणा udghōkhaṇā** *n* सार्वजनिक सूचनाक प्रसारण। proclamation, announcement, declaration.

**उद्द uddda** *See* ऊद।

**उद्दण्ड uddaṇḍ** *adj* उच्छृङ्खल, अनुशासनहीन। indomitable, impertinent. **उद्दण्डता** *n* हुण्डपनी। escapade.

**उद्दाम uddām** *adj* अनियन्त्रित, प्रबल, अदम्य। unfettered, out of control, violent.

**उद्दिष्ट uddiṣṭa** *adj* लक्ष्यभूत, अभिप्रेत। aimed at, intended. **-पूजा** *n* कोनो उद्देश्यसँ केवल ध्यान आ आवाहनद्वारा पूजा। worship only by visualization and invocation of deity.

**उद्दीपन uddīpan** *n* तेज करब, उत्तेजन। stimulation, exciting.

**उद्देश्य uddēshya** *n* साध्य, लक्ष्य, प्रयोजन। object, target, aim, purpose.

**उद्धत uddhat** *adj* अविनीत, ढीठ। overbearing, rude, indolent.

**उद्धरण uddharaṇ** *n* 1. *See* उद्धार। 2. उतारब। copying out. 3. विचारार्थ वा प्रमाण रूपमे प्रतिलिखित आनक उक्ति। quotation, citation.

**उद्धार uddhār** *n* 1. त्राण करब, उबारब। taking out, rescue, release, relief, escape. 2. जन्म-मृत्युक बन्धनसँ मुक्ति। salvation. 3. दुरुस्त करब, नवीकरण। restoration, renovation. **उद्धरण** *n.*

**उद्बोधन udbōdhan** *n* जगाएब; बुझाए-सुझाए सचेत करब। awakening. bringing to senses.

**उद्भट udbhaṭ** *adj* उच्च कोटिक, महान (विद्वान्)। great (scholar).

**उद्भव udbhab** *n* 1. उत्पत्ति, जन्म, प्रादुर्भाव, विकास। origination, birth. 2. मूल, स्रोत। origin, source.

**उद्भासित udbhāsit** *adj* आलोकित, चमकदार। brightened, high lighted, aglow.

**उद्भिज् udbhij** *See* उद्भिद्।

**उद्भिद् udbhid** *n* गाछ-बिरिछ। vegetation.

**उद्भूत udbhūt** *adj* उत्पन्न, विकसित, जनित। originated, born, evolved.

**उद्भेदन udbhēdan** *n* फोड़िकेँ बहराएब। springing up, sprouting, breaking through.

**उद्भ्रान्त udbhrānt** *adj* भ्रान्तिआएल। bewildered gone astray.

**उद्यत udyat** *adj* प्रस्तुत, तैआर; प्रयासशील। prepared, ready, endeavouring.

**उद्यम udyam** *n* प्रयास, चेष्टा, उद्योग। endeavour, enterprise, effort, exertion.

**उद्यान udyān** *n* बाड़ी, बाग, फुलबाड़ी। garden.

**उद्यापन udyāpan** *n* व्रतक विधिवत् समापन। ceremony of ending observance, *spl* of व्रत।

**उद्योग udyōg** *n* 1. उत्पादन-कर्म। industry. 2. प्रयास। effort, endeavour. 3. तैआरी, ओरिआओन। preparation. **उद्योगी** *adj*.

**उद्योत udyōt** *cls n* इजोत। light.

**उद्रेक udrēk** *n* वृद्धि, बाढ़ि, तेजी। outburst, overflow.

**उद्वहन udbahan** *n* उघब, भार उठाएब। lifting carrying.

**उद्विग्न udbigna** *adj* चिन्तित, घबराएल, अकुलाएल। perturbed, dejected, fadeup, bored. **उद्वेग** *n* उत्सुकता, आतुरता, विरहव्यथा। longing for, anxiety.

**उधकब udhkab** *vi* धड़कब, छन-छन तरसँ उपर दिस धक्का मारब। heave, beat, pulsate, palpitate.

**उधब udhab** [उद्धव] *obs n* उत्सव, पावनि। festival.

**उधबा udhbā** [ऊर्ध्ववात] *n* बिड़रो। whirlpool.

**उधसब udhsab** [उद्ध्वस-] *vi* केस आदिक छिड़िआएब, अस्त-व्यस्त होएब। be dishevelled/untidy.

**उधार udhār** [उद्धार] *n* 1. मूल्य पछाति देबाक करार पर खरीद। purchase on credit. 2. पैंच। loan; borrowing. 3. त्राण। release, escape. 4. दायित्वसँ मुक्ति। discharge from obligation. **उधारब** *vt* उबारब। deliver, emancipate. **उधारी** *adv* पछाति मूल्य देबाक व्यवस्था पर (खरीद)। on credit.

**उधिआएब udhiāeb** [उद्राध्रय] *vi* 1. ताप पाबि खलबलाए उपर उठब। boil over, boil up, overflow, swell. 2. बसातमे उड़ब। fly away in the air. 3. अभिमानवश औद्धत्य करब। be upstart. **उधिआन** *n*. *Ex* दुइ उधिआन लगाउ *"Boil over twice"*.

**उधुक्का udhukkā** *n* नर्म्म चोट। stroke from below.

**उधेसब udhēsab** *vt* गजपट करब। dishevel.

**उन° un°** [*w* of ऊन] *adj* कम, एक कम। less, minus one. *Ex* उनतीस *"Thirty minus one, i.e. twenty nine"*.

**उनकर unkar** *See* हुनकर।

**उनकूर unkūr** *n* झगड़ाक बहाना। pretext of quarrel.

**उनचालिस unchālis** *nu* एक कम चालिस। 40 minus 1, i.e. 39.

**उनचास unchās** *nu* एम कम पच्चास। 49, fortynine.

**उनटब unṭab** [उदवृत-] *vi* विपरीत स्थितिमे आएब, बदलब, शिशुक स्वयं पटसँ चित (उतान) होएब, गाड़ी आदिक दुर्घटनावश अधोमुख भए खसब। turn over, revert, alter, capsize. **उनट-पुनट** *adj* व्युत्क्रमता, अस्तव्यस्तता। topsy-turvy. **-पुनटब** *rep*. **उनट-फेर** *n* विनिमय, बदलेन। change, replacement. **उनटा** *adj* विपरीत, प्रतिकूल, उत्क्रम। inverted, upside down, reversed. **उनटाएब** *vt* विपरीत दिशामे बदलब। turn over.

**उनतीस untis** *nu* एक कम तीस। 29, twentynine.

**उनमत, उनमतिआ unmat, °tia** [उन्मत्त] *obs adj* बताह, बाउर। mad.

**उनमुनाएब unmunāeb** [उन्मन-] *vi* उन्मुख, उत्सुक होएब। be eager, intend.

**उनरब unrab** [उन्नम्र-] *vi* तनातनासँ फान (व्यास) बढ़ब। expand, be stretched.

**उनसठि unsaṭhi/°saiṭh** *nu* एक कम साठि। 59, fiftynine.

**उनहत्तरि un-hattari** *nu* एक कम सत्तरि। 69, sixtynine.

**उनारब unārab** [*cau* of उनरब] *vt* तानिकेँ फान (व्यास) बढ़ाएब। expand by stretching. **उनार** *adj* एकाँस, एक दिस अधिक भारक कारणेँ झुकल। lopsided.

**उनासी unāsī** *nu* एक कम अस्सी। 79, seventynine.

**उनाह unāh** *n* औषध-मिश्रित जलक भाप रोगग्रस्त देहमे लगाएब। fomentation of body with medicated vapour.

**उनाहब unāhab** *vt* 1. उनाह लेब। treat with fomentation. 2. लागल फसिल बाला खेत नहु-नहु जोतब। plough lightly a farm with standing crop.

**उनि, उनी uni, unī** *See ओ pro.*

**उनेत unet** [अनृत] *n* व्रतादिमे नियम-निष्ठाक भङ्ग। transgression of vow.

**उनैस unais** *nu* एक कम बीस। 19, nineteen.

**उन्नत unnat** *adj* उपर बढ़ल, सुधरल, समृद्ध। improved, elevated, developed.

**उन्नति unnati/unnait** *n* 1 उदय, बढ़ती, अभिवृद्धि, सुधार। advancement, improvement prosperity. 2. उत्थान। rise, elevation. **उन्नयन** *n* उपर उठाएब, सुधारब। raising, uplifting improving. **उन्नायक** *adj.*

**उन्ने unne** *See ओनए।*

**उन्मत्त unmatta** *adj* मातल, बताह। intoxicated, crazy.

**उन्मद unmad** *adj* मातल। drunk, mad, rapturous.

**उन्मन unman** *adj* उद्विग्न, खिन्न। perturbed, sad.

**उन्माद unmād** *n* चित्त-विक्षेप, सनक। insanity; recklessness.

**उन्मीलन unmīlan** *n* आँखि खोलब। opening (of eyes).

**उन्मुक्त unmukta** *adj* बन्धनहीन, खुजल। free, open.

**उन्मुख unmukh** *n* उत्सुक, इच्छुक। inclining, intending.

**उन्मूलन unmūlan** *n* उच्छेद, नाशन। eradication, abolition

**उप° up°** *pre* सामीप्य, अधीनता, विभाग आदिक सूचक उपसर्ग; आगाँ देखू। Denotes proximity, inferiority, subordination, division. *See* below.

**उपकब upkab** *vi* उगब, उभरब। come up.

**उपकरण upkaran** *n* साधन, हथिआर, ओजार, सामग्री। resources such as tools and appliances, material etc.

**उपकरि कए upkari kae** *adv* जानि-बूझि कए। knowingly.

**उपकार upkār** *n* हित, भल; सहायता। benefit rendered to others out of charity; help, assistance. **उपकारक, उपकारी** *adj* हितकर, साधक, सहायक, गुणकारी। helpful, beneficial. **उपकृत** *adj* कृतज्ञ, अनुगृहीत। obliged.

**उपक्रम upakram** *n* 1. व्यावसायिक प्रतिष्ठान,उद्यम। enterprise. 2. प्रयास, चेष्टा। endeavour, effort. 3. ओरिआओन, तैआरी। preparation. 4. प्रस्तावना, *विप* उपसंहार। prelude, *opp* conclusion. **उपक्रमणिका** *n* पूर्वपीठिका। introduction, background.

**उपगत upgat** *adj* समीप आएल, उपस्थित। come to, present, arrived. **उपगम** *n.*

**उपग्रह upagrah** *n* ग्रहक चतुर्दिक् घुमनिहार छोट ग्रह, जेना चन्द्रमाक पृथ्वी। satellite.

**उपघात upghāt** *n* चोट, क्षति। damage, injury.

**उपचय upchae** *n* वृद्धि; *विप* अपचय। accumulation, growth.

**उपचरब upcharab** *obs vt* परिचर्या/सेवा करब। attend, serve. **उपचार** *n* 1. चिकित्सा। treat-ment, remedy, cure. 2. परिचर्या। attending, nursing. 3. विधि पुराएब। formalities.

**उपचित upchit** *adj* क्रमशः बढ़ल। accumulated.

**उपछब upchhab** [उपक्षय-] *vt* पानि फेकि-फेकि जलाशय खाली करब। throw off water from, bail out.

**उपजब upjab** [उत्पद्य-] *vi* खेत आदिसँ उत्पन्न होएब। grow, be produced. **उपज, उपजा** *n* उपजल अन्न आदि। thing produced. **-बाड़ी** *rep.* **उपजाएब** *vt* खेती आदि द्वारा उत्पन्न करब। produce. **उपजाहु** *adj* अधिक उपजनिहार। productive.

**उपजाति upjāti** *n* 1. दुइ छन्दक मेलसँ बनल छन्द। (in prosody) a metre formed by combining two.

**उपजीवक upjībak** *n* आश्रयमे रहि पालित भेनिहार। dependent. **उपजीविका** *n* आश्रयदातासँ प्राप्त जीविका। maintenance. **उपजीव्य** *n* आश्रयमे राखि पालनिहार, अन्नदाता। patron.

**उपटब uptab** [उत्पाटय] *vi* 1. उच्छिन्न होएब। be eradicated. 2. एक वासस्थान छोड़ि दोसर ठाम जाए बसब। be displaced, migrate, shift one's residence. **उपटाएब** *cau.* **उपटा-टार** *n* कोनो वस्तुकेँ बेरि-बेरि एतए-ओतए करब। frequent displacement of any thing. **उपटार** *n* उच्छेद। rooting out.

**उपड़व upṛab** [उत्पाट्य-] *vi* उपाड़ल जाएब। be pulled out. **उपाड़ब** *cau* उपर दिस खींचि अवलम्बसँ अलग्न करब। pull out, extract.

**उपताप uptāp** *n* सन्ताप, पीड़ा। agony.

**उपदर updar** *See* *उपराग।*

**उपदिष्ट upadiṣṭ** *See* under *उपदेश।*

**उपदिष्टा upadiṣṭā** [उपरिष्टात्] *n* देखौआ बकसीस, उपरी आय। tip, gift.

**उपत्यका upatyakā** *n* पहाड़ परक समतल भूमि, घाटी। valley.

**उपदेश updēsh** *n* 1. हिताहित बुझाएब। advice, counsel. 2. धार्मिक ज्ञान कराएब। preaching. **उपदिष्ट** *adj.* **उपदेशक, उपदेष्टा** *n* उपदेश देनिहार। preacher, counsellor.

**उपद्रव upadrab** *n* 1. उत्पात, उकठ। disturbance, nuisance. 2. बदमासी। vandalism, mischief. **उपद्रवी, उपद्रावक** *adj* बदमास। vandalous, rascal.

**उपनत upnat** *adj* उपस्थापित, आनिकें निकटमे राखल, अर्पित। submitted, offered.

**उपनयन upnaen** *n* यज्ञोपवीत संस्कार। sacrament of intiating the study of the Vedas and investing with sacred thread. **उपनयनिआ** *adj* उपनयन लेल प्रस्तुत। undergoing उपनयन; meant/assigned for it.

**उपनाम upnām** *n* 1. कौलिक उपाधि, आस्पद, जेना *मिश्र, राउत।* surname. 2. नामान्तर जे लेखकादि प्रवृत्तिक अनुसार रखैत छथि, जेना *मधुप, आजाद।* pen-name. 3. वैकल्पिक/अनौपचारिक नाम, उर्फ। alias.

**उपनिवेश upnibēsh** *n* 1. राज्यक उपशाखा। dominion. 2. बाहरसँ आएल लोकसभक बस्ती। colony.

**उपनिषद् upnikhat** *n* वेदक किछु भाग जाहिमे दार्शनिक/आध्यात्मिक चिन्तन अछि। portions of the Vedas dealing with theosophy and metaphysics.

**उपनीत upnīt** *adj* जकर उपनयन भए चुकल हो। invested with sacred thread.

**उपनेन upnēn** *See* *उपनयन।*

**उपन्यस्त upanyasta** *adj* समक्ष राखल, प्रस्तुत। placed before, submitted.

**उपन्यास upanyās** *n* 1. वैवाहिक कथाक प्रस्ताव। a marriage proposal. 2. गद्यमे लिखल दीर्घ कथा। novel.

**उपपत्ति upapatti** *n* समर्थक तर्क। reasoning, argumentation. **उपपन्न** *adj.* **उपपादन** *n* विशदीकरण। elaboration with reasoning.

**उपबन्ध upbandh** *n* व्यवस्था, उपाय। provision.

**उपभाषा upbhākha** *n* भाषाक क्षेत्रीय रूप। dialect.

**उपभोग upbhōg** *n* 1. व्यवहारद्वारा तृप्ति वा पुष्टि पाएब। enjoyment. 2. खपत। consumption. **उपभोक्ता** *n* उपभोगकर्ता, ग्राहक। consumer.

**उपमा upmā** *n* काव्यमे चमत्कारजनक सादृश्य देखाएब। simile. **उपमान** *n* जकरासँ तुलना कएल जाए, जेना *चन्द्रमुखी* एतए चन्द्र। model of comparison. **उपमित** *adj* तुलित। compared. **उपमेय** *n* सादृश्यसँ जकर उत्कर्ष बुझाओल जाए, जेना उपर्युक्त उदाहरणमे मुख। the thing to be described by comparison.

**उपमाता upmātā** *n* धाए। foster mother.

**उपयुक्त upjukta** *adj* 1. अनुरूप। suitable. 2. योग्य। worthy, eligible, qualified. 3. काज अएनिहार। useful. **उपयोग** *n* व्यवहार, प्रयोग। use, application. **उपयोगी** *adj* कार्ययोग्य। useful.

**उपर upar** [marker, case-ending] ···कें आधार बनओने, ···पर। on, upon, over, above. *Ex पोथीक उपर कलम अछि "पोथीकें आधार बनओने वा पोथी पर। The pen lies on the book."* **°कत्ता, °चटकी** *n* अनायास-प्राप्त अनिश्चित अतिरिक्त लाभ। **°चढ़ी** *n* स्पर्धा। competition. **-चापर** *adj* उल्लासमे चञ्चल। frolicking. **°छती** *n* माटिक छहरदेबाली पर देल गेल छौनी। shade on the mud-built boundary wall. **°झटकी मारब** *vt* बिनु बुझनहि अटकरसँ किछु उत्तर दए देब। speak without knowing the fact by means of conjecture. **°पट्टी** *n* परलोक। the other world. **°फट, °फट्टी, °फौंटी** *n* आकाशसँ खसल, अनिश्चित/अप्रत्याशित आय। dropped from the above, irregular out-income such as tips and rewards. **°बदरा** *n* क्षणवर्षी मेघ। floating unsteady cloud. **°बारि** *adj* बाहरी। outer. **°सहकिआ** *n* भानसमे बाहरसँ सहायता कएनिहार। one who assists, *spl* cook's helper. *उपरे उपर "ठीकसँ बिनु बुझनहि। only superficially, without knowing thoroughly."* *उपरे घाड़ैं रहब "विस्मित होएब। be caught unaware."*

**उपरका uparka** *adj* ऊपरमे अवस्थित। upper, higher.

**उपरा upra** *adj* बाड़्नी, आतिरिक्त। additional. **-उपरी** *adv* स्पर्धापूर्वक, एकसँ बाढ़ि एक। vying with each other.

**उपराएब upraeb** *vt* उपर करब। procure.

**उपराग uprāg** *n* उपालम्भ, सस्नेह दोषारोपण। amiable grievance complaint.

**उपराड़ि uprāṛi/rair** *n* उँचगर खेत। high level farm land.

**उपरान्त uprānta** *adv* तदुत्तर, पछाति, आगाँ। thereafter, now.

**उपरा-पैँची uprā-paĩchi** *n* उतरा-चौरी, झगड़ामे परस्पर आरोप-प्रत्यारोप। exchange of aspersion in discussion, quarrel.

**उपराहु uprāhu** *adj* आक्रामक। offensive.

**उपराहुत uprāhut** *adj* उपर दिस झुकल। bent upwards.

**उपरिष्टात् uparistāt** *adv* उपरसँ। over and above.

**उपरी upri** *adj* उपरसँ आएल, वाह्य (आय)। over and above, additional (income).

**उपरोक्त uprōkta** *adj* उपर/पूर्वमे कहल गेल। said above.

**उपरौंझ uprōjh** [उपरि-युद्ध] *n* स्पर्धा। striving after priority/superiority, rivalry, emulation.

**उपरोटा uprōṭā** [उपर-पट] *n* जाँतक उपरका पट्टा। upper piece of stone in handmill.

**उपरोड़ uprōṛ** *See उपराड़ि।*

**उपरोध uprōdh** *n* बाधा। hurdle.

**उपर्युक्त uparjukta** *adj* उपर कहल गेल। said above.

**उपर्युपरि uparjupari** *adv* एकसँ बाढ़ि एक। vying with each other.

**उपलक्ष uplaksa** *n* अवसर, निमित्त। occasion.

**उपलक्षण uplakṣan** *n* 1. कहबी, लोकोक्ति। proverb, adage. 2. आभास, संकेत। sign, indication; characteristic.

**उपलब्ध uplabdha** *adj* 1. भेटल, प्राप्त। acquired, obtained. 2. लभ्य। available. **उपलब्धि** *n* 1. भेटबाक स्थिति। availability. 2. लाभ, सिद्धि। gain, achievement.

**उपलाएब uplāeb** *vi* हेलब, अलगब। float.

**उपलेपन uplēpan** *n* नीपब। smearing.

**उपवन upban** *n* गाछी, महावृक्षबाला बाड़ी। pleasure garden, planned forest, big garden.

**उपवास upbās** *n* अनशन-व्रत। religious fast. Also **उपास**।

**उपविधि upbidhi** *n* एक प्रकारक कानून, संस्था-संगठनक अपन संविधान। bye-law.

**उपविष्ट upbista** *adj* बैसल, आसीन। sitting, seated.

**उपवीत upbīt** *n* जनौ। *See यज्ञोपवीत।*

**उपशम upsham** *n* शान्ति, दबब, कम होएब (रोगादिक)। abatement.

**उपश्रुत upashrut** *adj* प्रतिज्ञात, जकर वचन देल गेल हो। assured, promised. **उपश्रुति** *n* वचन, आश्वासन, *हिन्दी* वादा। assurance.

**उपसंहार upsañhār** *n* समापन। winding up, conclusion.

**उपसर्ग upsarg** *n* अनुचरशब्द जे मुख्यतः क्रियावाचकमे लगैत अछि। prefix, tag word.

**उपस्कर upaskar** *n* घर सजएबाक वस्तु। furniture.

**उपस्थ upasth** *cls n* शिश्न, लिङ्ग। male organ.

**उपस्थान upasthān** *n* लगमे ठाढ़ भए कएल प्रार्थना/स्तुति। prayer done in standing position. **उपस्थापन** *n* लगमे राखब, पेश करब। placing by, presenting, submission. **उपस्थित** *adj* हाजिर, वर्तमान। standing by, present.

**उप-हत uphat** *adj* अपवित्र वस्तुक सम्पर्कें दूषित। defiled by contamination. Also **उपहैत।**

**उपहसब up-hasab** *obs vt* निन्दा/उपहास करब। laugh at, ridicule.

**उपहार up-hār** *n* प्रीतिदान, चढ़ौआ, नजराना, अर्पित वस्तु। gift, present.

**उपहास up-hās** *n* निन्दा, ठट्ठा, मजाक। derision; joke. **उपहासास्पद** *adj* निन्दनीय। ridiculous.

**उपांशुक upānshuk** *n* बिनु बजाओल/अवाञ्छित पाहुन (उपहासमे)। uninvited/unwanted guest (slang).

**उपाख्यान upākhyān** *n* वृत्तान्त, खीस्सा। epi-sode, narration.

**उपाड़ब upāṛab** [उत्पाट] *vt* गड़ल वस्तुकें बाहरमे घीचिकें निकालब। pull out.

**उपाति upāti/upāit** [उपायति] *n* भोजन हेतु असिद्ध अन्न आदि सामग्रीक सौंठ जे असौंजनिआ पाहुनकें स्वयं रान्हि खएबाक हेतु देल जाइछ। a set of raw materials for cooking (presumably with own hand) offered to some distinguished guest.

**उपादान upādān** *n* 1. सामग्री। ingredient, in-take. 2. ग्रहण। taking away.

**उपादेय upādeya** *adj* प्रयोजनीय, ग्रहणयोग्य, महत्त्वपूर्ण। important.

**उपाधि upādhi** *n* 1. डिग्री, प्रतिष्ठा, आस्पद। title, degree. 2. रोगक बाह्य लक्षण। symptom of disease. 3. उपनाम, कुलनाम, जेना ठाकुर। surname.

**उपाध्याय upādhyāe** *n* 1. शिक्षक। teacher. 2. एक उपनाम। a surname, *spl* Sanskrit equivalent of *ओझा।*

**उपानद् upānad** *n* पनही। shoe. Also **उपानह।**

**उपान्त upānt** *n* किनार, कोर, मार्जिन। margin

**उपाम upām** *obs* *n* उपमा, तुलना। simile, comparison, match.

**उपाय upāe** *n* 1. साधन, युक्ति। device, means, contrivance. 2. आय-साधन, धन। ways and means. 3. प्रतिकार, समाधान। remedy. 4. प्रयास, चेष्टा। endeavouring.

**उपायन upāyan** *n* उपहार, सनेस, नजराना। presentation.

**उपार्जन upārjan** *n* प्राप्त करएनाइ, कमाइ। acquisition, earning.

**उपालम्भ upālambh** *n* उलहन, स्नेहपूर्ण दोषारोपण। complaint in friendly way.

**उपास upās** [उपवास] *n* 1. पुण्यार्थ अनशन-व्रत। religious fast. 2. दरिद्रतावश भूखल रहब। starvation. ~ **करब** *vt* observe religions fast. ~ **पड़ब** *vi* भोजन नहि भेटबाक कारणें भूखल रहब। remain starving in absence of food.

**उपासक upāsak** *n* देवताक आराधना-साधना करएनिहार सेवक। worshipper, devotee. **उपासना** *n* आराधना। worship, propitiation of deity. **उपास्य** *adj* उपासनार्थ चुनल/अङ्गीकृत (देवता)। (deity) adopted for worship, worth worshipping.

**उपासल upasal** *adv* बिनु किछु खएने, अभुक्त। fasting, hungry.

**उपाहार upāhār** *n* 1. लघु भोजन, जलखै। refreshment.

**उपेक्षा upekṣa** *n* 1. अवहेलना। neglect. 2. उदासीनता। indifference. **उपेक्षणीय** *adj* उपेक्षायोग्य, तुच्छ। ignoble, negligible. **उपेक्षित** *adj*.

**उपेखब upekhab** [उपेक्ष-] *vt* उपेक्षा करब। neglect, ignore. Also **उपेछब।**

**उपोद्घात upodghāt** *n* प्रस्तावना। foreword, preface.

**उपोषित upokhit** *adj* उपासल। fasting.

**उफनब uphnab** *vi* उधिआएब। boil up.

**उफसब uphsab** *vi* बाहर आएब। come out.

**उफाँट[1] uphãṭ** *n* स्वच्छन्द भूत। freelance ghost not tamed by any witch.

**उफाँट[2] uphãṭ** *n* निर्जन स्थानमे भूतक डर। apprehension of ghost in a lonely place.

**उफाँटि uphãti/uphãit** *adj* अरक्षित। vulnerable.

**उफान uphān** *n* तापवश उपर उठब जेना दूधक। boil up.

**उबट ubaṭ** [उद्वर्त्त] *n* कुरास्ता, कुपथ। bad road. ~ **चलब, उबटब** *vi* कुमार्ग धए चलब। go on a bad way, leading for ruin.

**उबटन ubṭan** [उद्वर्तन] *n* देह उद्धारबाक एक लेप जे दालि पीसिकें बनैत अछि। lentil-paste for cleaning skin.

**उब-डुब ub-ḍub** *n* घेरि घेरि डुबब आ उगब। state of sinking and rising repeatedly. Aslo **उभ-चुभ।**

**उबरब ubrab** [उद्वर-] *vi* 1. उद्धार त्राण पाएब। get rid of, be relieved. 2. [उद्वृत्] उगरब, शेष बचब, फाजिल होएब। be surplus.

**उबरा ubrā** *n* उबरल वस्तु। things left over.

**उबहब ub-hab** [उद्वह-] *vt* उघब, भार उठाए अन्यत्र पहुँचाएब। carry, transport. **उबहनि** *n* इनारसँ पानि भरबाक डोरी। rope for lifting water from well.

**उबाट ubāṭ** *n* कुमार्ग। wrong way.

**उबानि ubāni/ubāin** [उद्वान] *n* अशुद्ध वान, (*लाक्ष*) कुत्सित मार्ग। wrong in weaving/ knitting; (*fig*) wrong way.

**उबारब ubārab** [उद्वार-] *vt* उद्धार/त्राण करब, बचाएब। deliver, rescue.

**उबिआएब ubiāeb** *vi* अकछाएब। be bored.

**उबेर ubēr** *n* बुनछेक, वर्षाक अवसान। clear weather, normal weather after rain. **~ चरब** *vi* कटनी सम्पन्न भए गेलापर बाधमे माल-जालक निर्बाध चरब। (said of cattle) graze unhindered in the farm after crops are entirely reaped.

**उब्भी ubbhī** *See* ऊभी।

**उभ-चुभ ubh-chubh** *See* उब-डुब।

**उभय ubhae** *cls n* दुनू। both. **उभयथा** *adv* दुनूमे कोनहु प्रकारें, दुनू प्रकारें। either way, in both ways.

**उभर-खाभर ubhar-khābhar** *adj* ऊँच-नीच, विषम (तल)। rough, rugged (surface).

**उभरब ubhrab** [उद्भृ-] *vi* फुजब। disjoin, unroll, unfold. **उभारब** *vt* रहस्यक उद्घाटन कए उत्तेजित करब। incite by exposing loopholes.

**उमकब umkab** *vi* 1. उमङ्गमे आएब। rejoice, run high, move about in gusto. 2. उन्मार्ग चलब। go astray. **उमकी** *n*. Also **उमगब**।

**उमङ्ग umanga** *n* हर्षोल्लास, आनन्दक उद्रेकसँ प्रेरित चञ्चलता। mirth, elation, zest, gusto.

**उमजब umjab** *vi* मालक देह पुष्ट होएब। improve in health (said of cattle).

**उमटाम umṭām** *adj* कनहेर धरि भरल (पोखरि-इनार)। swelled to the brink.

**उमठब umṭhab** *vi* पूर्ण तृप्ति भेला पर वितृष्णा जागब। be satiated.

**उमड़ब umṛab** *vi* नदी आदिमे जलस्तर उपर दिस उठब। swell, overflow (as a river).

**उमत umat** *adj* विक्षिप्त, उन्मत्त, मातल। mad, out of sense. Also **उमता**।

**उमतब umtab** *vi* उन्मत्त होएब। be intoxicated, madden. Also **उमताएब**।

**उमदा umdā** [A] *adj* उत्तम। of high quality.

**उमर डाक umar dāk** *n* एक ग्राम-देवता। a village deity.

**उमस umas** [उत्तम, ऊष्म] *n* गुमार। sultriness, humid heat.

**उमसाम umsām** *adj* कानो-कान। full to the brim. Also **उमसुम**।

**उमिर umir** *See* उमेर।

**उमेद umēd** [P उम्मीद] *n* आशा। hope, expectation. **उमेदवार** *n* अभ्यर्थी। candidate, aspirant.

**उमेर umēr** [A उम्र] *n* वएस। age.

**उर ur** *cls n* हृदय, छाती। heart, chest. **उरग** *n* साप। snake.

**उरँघब urāghab** [उल्लङ्घ-] *vi* पलटि आएब। relapse

**उरज uraj** *cls n* स्तन। breast.

**उरड़ urar** *n* हरमे बझल खढ़-पातक लेंध। clog of weeds and mud obstructing the movement of plough.

**उरदी urdī** [A वर्दी] *n* पुलिस आदिक आधिकारिक पोशाक। uniform (of policemen).

**उरमा urmā** *n* 1. झोंक, सनक। whim, craze. 2. एक सीआनि। a kind of stitching.

**उरम्हब urmhab** *See* उरँघब।

**उरिन urin** [उऋण] *adj* ऋणमुक्त। free from debt/obligation.

**उरेब ureb** [P] *adj* टेढ़, असमीचीन, असुन्दर। slanting. **उरेबी** *adj* टेढ़िआ/डेढ़िआ (टाँक, सिआइमे)। (in sewring) having slanting zigzag stitches.

**उरेहब urēhab** [उद्रेख] *vt* खोंधिकें लिखब, खोंधामा करब। engrave, sketch.

**उरोज urōj** *cls n* स्तन। breast.

**उर्वर urbar** *adj* उपजाहु। fertile. **उर्वरक** *n* रासायनिक खाद। chemical fertilizer.

**उर्वी urbī** *cls n* पृथिवी। earth.

**उलङ्ग ulanga** *adj* एकोंस। lopsided.

**उलँच ulāch** *See* उलंचि।

**उलट+ ulaṭ+** *See* उनट+।

**उलटी चीन ulṭī chin** *n* हुक्काक नली पर कपड़ाक शिल्प। decoration of hubble-bubble's pipe with velvet.

**उलड़ होएब ulaṛ hōeb** *vi* सामाजिक दृष्टिमे खसब। lose respect in society.

**उलथा ulthā** *n* अनुवाद। translation.

**उलफी ulfī** *adj* अलिखित, जुबानी (ऋण)। (debt) unrecorded, oral, given in friendly way.

**उलफुलौआ ulphulauā** *adj* तुच्छ (लाभ)। insignificant (gain).

**उलब° ulab°** *See उलाएब* with T.I.

**उलबा ulbā** *adj* भूजिकेँ कुटल (चाउर)। (rice) unhusked after parching.

**उलबुलाएब ulbulāeb** *vt* परतारब, ठकब। befool, mislead.

**उलरब ulrab** *vi* उलार होएब। turn aside, be lopsided.

**उलरुआ ularuā** *n* बएलगाड़ीक पाछाँ लटकाओल सोटा जे गाड़ीकेँ पाछु दिस झुकबासँ रोकैत अछि। a log hung in the rear of bullock cart to prevent imbalance.

**उलसब ulsab** *vi* उल्लसित/हर्षित होएब। be jubilant.

**उलहन ulhan** [उपालम्भन] *n* स्नेहपूर्वक अपराध-सूचन। amiable complaint, remonstration.

**उलाइ-चुलाइ करब ulāi-chulāi karab** *vt* उत्पीड़ित करब। rag, vex, torture.

**उलाएब ulāeb** *vt* (अन्नकेँ) बिनु तेलक भूजब। parch (foodgrains). **-चुलाएब, -पकाएब, -पुलाएब** *vt* सताएब। torment, torture.

**उलाँक ulāk** *n* 1. नौकाक एक प्रभेद। a kind of boat. 2. *See हुलाक।* *adj* चलाक। clever.

**उलाफ ulāph** *n* उलहन। complaint. **उलाफब** *vt*.

**उलार ulār** *adj* पाछु दिस अधिक भारबाला (गाड़ी)। over-loaded at the back, lopsided (cart).

**उलूक ulūk** *n* उल्लू। owl.

**उलौँच ulõch** *n* ओछओनाक चादरि। bedsheet. Also **उलँच**।

**उल्का ulkā** *n* 1. अन्तरिक्षक ज्योतिष्पिण्डक टुकड़ी जे ऊकजकाँ प्रज्वलित होइत धरतीपर खसैत अछि। falling star, meteor. 2. ऊक। torch. **-पात** *n* उल्का खसब। fall of meteor.

**उल्लङ्घन ullaṅghan** *n* भङ्ग, अतिक्रमण। transgression, violation.

**उल्लर ullar** *adj* अज्ञानी। innocent, unwise.

**उल्लास ullās** *n* हर्षातिरेक, उमङ्ग। joy, jubilation, ecstasy. **उल्लसित** *adj.*

**उल्लिखित ullikhit** *adj* चर्चित, जकर उल्लेख कएल गेल अछि। mentioned. **उल्लेख** *n* वाचक शब्दैँ कथन/लेखन। mention. **उल्लेखनीय, उल्लेख्य** *adj* उल्लेखयोग्य। worth mentioning.

**उल्लू ullū** [उलूक] *n* मुहदुस्सी पक्षी, (*लाक्ष*) मूर्ख। owl. (*fig*) fool.

**उल्ले+ ullē+** *See* under *उल्लि।*

**उल्हसब ulhsab** [उल्लस] *See उलसब।*

**उशीर ushīr** *n* कतरा, खस। a fragrant grass; *Anopogon muricatum*.

**उष:काल ukhaḥkāl** *n* भोर, अन्हरोख। morning hours before sunrise.

**उषा ukhā** *n* प्रातःकाल, भोर; प्रातःकालक अधिष्ठात्री देवी। dawn (personified as a goddess), Aurora.

**उष्ण uṣṇa/usna** *adj* गरम, तपत। warm, hot.

**उष्म+ ukhm+** *See ऊष्म+।*

**उसकब uskab** [उत्कष-] *vi* आगु बढ़ब, एम्हर-ओम्हर करब। move on, slip on. **उसकाएब** *vt* आगाँ बढ़बालए प्रेरित करब। push on, instigate.

**उसझब usjhab** *vi* डारि-पात बढ़ब। grow well, develop in right way.

**उसठ usaṭh** [उत्सृष्ट] *adj* नीरस। insipid, dull, charmless.

**उसनब usnab** *See उसिनब।*

**उसर usar** [ऊषर] *adj* क्षारक आधिक्यसँ अनुर्वर। (soil) barrren due to salinity, arid.

**उसरगब usragab** [उत्सर्ग] *vt* पुण्यार्थ दान करब। donate for earning religious merit. **उसरग** *n*. **उसरगल/उसरगा** *adj* दान कएल। donated.

**उसरड़ usraṛ** [ऊषर-] *n* उसराह (क्षारीय) भूमि। alkaline soil.

**उसरब usrab** [उत्सर-] *vi* 1. द्रुत गतिएँ सम्पन्न होइत जाएब। be finished speedily. 2. पसारल दोकान आदि समेटि लेल जाएब। be wound up (as a shifting shop).

**उसराह usrāh** *adj* ऊस(क्षार)युक्त माटिबाला (खेत)। (soil) affected by salanity. Also **उसराहा**।

**उसराहु usrāhu** *adj* द्रुतगतिएँ सम्पन्न भेनिहार (काज)। speedy (work).

**उसारब usārab** *vt* 1. कार्यक गति तेज करब। work speedily. 2. पसारल दोकान आदि समटब। wind up. **उसार** *n.*

**उसाँस usās** [उच्छ्वास] *n* दम लेब, विश्रान्तिक अनुभव। rest, breather.

**उसाहब usāhab** [उत्साध] *vt* लक्ष्य कए अस्त्र उठाएब। aim (a weapon) at.

**उसिनब usinab** [उत्स्विन्न] *vt* तप्त पानिमे सिझाएब। par boil in water; simmer. **उसिना** *n* सोझे उसिनिकें पकाओल खाद्य पदार्थ। anything prepared simply by boiling. ~ **चाउर** *n* उसिनिकें कूटल गेल चाउर। par boiled rice.

**उसुक-पुसुक usuk-pusuk** *See उकस-पाकस।*

**उहिगर uhigar** *adj* सहज बोधवाला। quick witted.

**उहँ, उहूँ ūh, uhū** *int* अस्वीकृति, अप्रियता आदिक सूचक अव्यय। Denotes disapproval, annoyance.

**ऊ** ū वर्णमालाक छठम अक्षर। 6th letter of alphabet.

**ऊँ ū** *int* आपत्ति, जिज्ञासा आदिक सूचक अव्यय। Denotes objection, interrogation.

**ऊ ū** *pro* ओ। that.

**ऊअल ūal** *obs adj* उगल। risen (sun).

**ऊक ūk** [उल्का] *n* डण्टाक अग्रभागमे पजारल आगि जकर धधराक प्रकाशमे लोक चलैत छल, मसाल। torch of straw. **ऊका-ऊकी** *See उका-उकी।*

**ऊखि ūkhi/uikh** [इक्षु] *n* कुसिआर। sugarcane.

**ऊगब ūgab** *vi* उगब। rise.

**ऊँच ūch** [उच्च] *adj* उन्नत। high. **ऊँचे सुनब** *adv* श्रवणशक्ति मन्द होएब। hear hard.

**ऊँट ūt** [उष्ट्र] *n* एक चतुष्पद जन्तु। camel.

**ऊद ūd** *n* एक जलजन्तु जे माछ खाइत अछि। otter. ~ **चढ़ब** *vi* (लाक्ष) सनक सवार होएब। be crazy.

**ऊन[1] ūn** [ऊर्णा] *n* भेड़ीक कोमल रोम। wool. **ऊनी** *adj* ऊनक बुनल (कपड़ा)। woollen.

**ऊन[2]** *adj* कम, अल्पतर। less.

**ऊपर ūpar** *adv* ऊर्ध्व दिशामे। above, over, on.

**ऊभी ūbhī** *n* बाँसक बातीक टाकु जाहिसँ घर छारबामे बन्धन देल जाइछ। large needle made of a stick used in thatching.

**ऊमी ūmi** *n* 1. काँच मड़ुआक पिसान। flour of raw finger millet. 2. मड़ुआक काँच डेंसरक ओरहा। roasted green ears of finger millet/coracum.

**ऊरी-बीरी ūri-biri** *n* आतुरता। eagerness. ~ **लागब** *vi* आतुर होएब। be restlessly eager.

**ऊरु ūru** *cls n* जाँघ। thigh.

**ऊर्जस्वल ūrjasval** *adj* शक्ति ओ तेजसँ युक्त। energetic, vigorous. Also **ऊर्जस्वी**।

**ऊर्जा ūrja** *n* भौतिक शक्ति। energy, power.

**ऊर्ध्व ūrdhva** *adv* उपर दिस। upward. **°मुख** *adj* उपर दिस मुह कएने। facing upward, vertical; rising. **°श्वास** *n* तेज उसास जे मरबाक काल चलैत छैक। last panting.

**ऊर्मि ūrmi** *cls n* तरङ्ग, हेउ। wave, surge. **ऊर्मिल** *adj* उच्छल, तरङ्गित। surging.

**ऊषा ūshā/ukhā** *n* उषा, भोर। *See उषा।*

**ऊष्म ūkhma** *adj* तपत, गरम। warm, tepid. **ऊष्मा** *n* 1. ताप। heat. 2. उमस। sultriness. 3. ऊष्मोत्सर्जक ध्वनि—*श, ष, स, ह।* spirant.

**ऊस ūs** *n* माटिमे उत्पन्न क्षार जाहिसँ पूर्वमे धोबि कपड़ा धोऐत छल। alkaline soil formerly used in washing clothes. **ऊसर** *adj* ऊसवाला अनुर्वर (खेत)। (land) containing alkali, hence barren.

**ऊह ūh** *n* 1. तर्कशक्ति, सहजबोध। quick wit. 2. अनुमान/स्वबुद्धिसँ वाक्यमे शेष भागक पूर्ति। supply by inference to make sense/sentence complete. **ऊहापोह** *n* तर्कवितर्क। reasoning. **ऊहि** *n* 1. *See* ऊह (2). 2. स्वतःप्रेरणा, प्रत्युत्पन्नमति। initiative; presence of mind, flash of idea, inventive power.

**ऋ** ri वर्णमालाक सातम अक्षर। 7th letter of alphabet.

**ऋक् rik** *n* 1. ऋग्वेद। The Rigveda. 2. *See ऋचा।*

**ऋक्थ rikth** *cls n* 1. मृत व्यक्ति द्वारा परित्यक्त सम्पत्ति। property bequeathed, bequest. 2. पूर्वजक अवदान। inheritance.

**ऋचा richā** *n* वैदिक सूक्तक एक-एक श्लोक/कड़ी। stanza of Vedic hymn.

**ऋजु riju** *adj* सोझ, सरल। straight, simple.

**ऋण riṇ** *n* करजा, उधार, पैंच। debt, loan. *adj* विकलनात्मक मूल्यवाला। of minus value. **ऋणी**